



Pou Piblikasyon Imedya: 02/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN 17 MILYON DOLA NAN KONTE ONONDAGA**

***Camillus Heights prezante 60 kay nan pri abòdab epi ki fè ekonomi enèji pou fanmi nan vil Camillus***

***Investisman an konplete inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèyman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 17.2 milyon dola nan Vil Camillus nan Konte Onondaga. Nouvo konplèks la ofri 60 kay nan pri abòdab epi ki fè ekonomi enèji ak enstalasyon ki favorab pou fanmi. Camillus Heights fèt kòm yon Pwojè Opòtinite Lojman, paske li sitiye nan yon zòn ki gen anpil resous ak yon distri lekòl ki gen gwo pèfòmans.

"Administrasyon mwen an kontinye rete trè konsantre sou revitalize anba lavil yo, epi ogmante rezèv lojman abòdab pou tout Nouyòkè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou livre nouvo kay nan pri ki abòdab pou kominote atravè Eta a, nou ka ede asire ke fanmi New York yo gen aksè nan zouti yo bezwen pou reyisi jodi a ak nan lavni. Devlopman lojman nan pri abòdab tankou Camillus Heights yo esansyèl pou amelyore kalite lavi epi bay yon avni ki pi abòdab epi pi sekirize pou jenerasyon Nouyòkè yo."

Camillus Heights konplete plan global Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekitab, ak estab. Gouvènè a te entwodui epi garanti ak siksè, nan Bidjè Eta a pou ane 2022-23, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante rezèv lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman an konpoze ak 16 bilding rezidansyèl de etaj ak yon total 60 apatman ak yon batiman kominotè otonòm. Apatman yo nan pri ki abòdab pou fwaye k ap touche ant 30 ak 80 pousan Revni Mwayen Zòn nan (Area Median Income, AMI). Devlopè a se Christopher Community, Inc.

Camillus Heights te fèt pou reponn ak egzijans Pwogram Nouvo Konstriksyon Altitid Ba (Low-Rise New Construction Program) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New

York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) epi yo prevwa pou li pran sètifikasyon ajan LEED la. Fonksyon efikasite enèji yo enkli aparèy Energy Star, ekleraj LED, ekipman kondisyònman espas wot pèfòmans, fenèt, izolasyon ak selaj pou fuit lè.

Camillus Heights a mwens pase 1.6 kilomèt vilaj Camillus la kote gen yon magazen, famasi, bank, restoran ak komès detay. Devlopman an gen pwòp arè bis li sou plas. Devlopman an sitiye nan Distri Lekòl Santral West Genesee.

Finansman Eta a pou Camillus Heights te gen ladan l Kredite Enpo Federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 11.9 milyon dola kapital 3.6 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSERDA te bay 63,000 dola sipò. Community Preservation Corporation te bay yon prè pèmanan 1.2 milyon dola ke SONYMA-asire.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Camillus Heights pèmèt 60 fanmi gen opòtinite pou viv nan fason ki abòdab nan yon kominote ki gen lekòl wot pèfòmans ak aksè ki fasil nan transpò, magazen, ak restoran. Devlopman an bay ansanm ak fonksyon ekonomi enèji ak espas lwazi yon anviwònman ki sen epi ki konfòtab pou fanmi yo grandi epi pwospere. Felisitasyon a Christopher Community dèske li rann pwojè sa posib epi ede nou elaji apwovizyonman lojman an nan Konte Onondaga."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** "Ak achèvmman pwojè Camillus Heights la, rezidan Konte Onondaga yo gen plis aksè kounye a nan lojman nan pri abòdab ki sekirize, ki trè efikas, epi ki rezistan avèk divès fonksyon, soti nan ekipman chofaj ak frechè rive nan aparèy modèn, ki bay yon anviwònman pou viv ki pi an sante, pi konfòtab. Pwojè sa ak lòt tankou li ap ede asire ke tout Nouyòkè ka benefisye nan tranzisyon vè yon ekonomi enèji pwòp epi sipòte angajman Gouvènè Hochul pou reyalize 2 milyon kay ki respekte klima nan kominote atravè eta a vè 2030."

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Chak fanmi ak granmoun nan Konte Onondaga merite lojman ki an sekirite, abòdab, epi mwen fyè dèske Kredite Enpo Federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb, ke mwen te goumen anpil pou mwen elaji a, te bay plizyè milyon dola ki nesèsè pou revitalize zòn sa ak 60 nouvo kay nan pri ki abòdab, ki fè ekonomi enèji. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò nan lojman esansyèl abòdab sa a, epi m ap kontinye goumen pou jwenn chak dola sipò federal ki nesèsè pou poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan pou New York Santral."

**Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare,** "Lojman abòdab se poto mitan pou fanmi ki solid ak yon New York Santral ki solid. Achèvmman devlopman lojman Camillus Heights ki koute 17 milyon dola a vle di 60 nouvo inite - tout fè ekonomi enèji - disponib kounye a pou sèvi bezwen kominote nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou ogmante opsyon lojman abòdab atravè eta a epi dèske li travay ak lejislati a pou fè investisman rekò pou sipòte plan lojman konplè New York la."

**Manm Asanble William Magnarelli te deklare,** "Camillus Heights sèlman ajoute valè nan kominote nou an lè li ofri opsyon lojman ki nan pri abòdab, ki fè ekonomi enèji toupresant vilaj la. Christopher Community ak Eta New York ap kowòdone efò pou ogmante kwasans ekonomik ak devlopman kominotè pandan l ap devlope kote ki nan pri abòdab, ki sekirize pou viv."

**Sipèvize Vil Camillus, John Fatcheric te deklare,** "Vil Camillus fyè pou planifikasyon konplè li pou antre Camillus Heights nan kay nan pri ki abòdab epi ki fè ekonomi enèji ki ajoute nan varyete lojman byen ekilibre li pou kominote a. Ekilib lojman ekilibre, lojman pou granmoun ak lojman pou yon sèl fanmi; ansanm ak apatman, kondò, ak kay vil se yon testaman nan angajman ke Vil la ap chèche pou akomode ak bezwen tout rezidan li yo. Lojman divèsifye, aksè nan yon distri lekòl eksepsyonèl, ansanm ak anpil enstalasyon ke vil la bay, se sèlman kèk nan rezon Camillus se yon bon kote pou viv, travay, epi elve yon fanmi."

**Jaime Tuozzolo, Vis Prezidan ak Responsab Ipotèk nan Community Preservation Corporation, te deklare,** "Antanke yon konpayi finansman lojman san bi likratif, CPC fyè pou envesti nan pwojè tankou Camillus Heights ki ede reponn ak objektif lojman inik ak devlopman rejyon ak kominote a. Nou fyè pou fè pati yon pwojè k ap yon katalizè pou reyini moun ansanm, bay estabilite ak lokatè li yo, epi k ap sèvi kòm yon resous enpòtan pou dirabilite pou kominote Camillus la. Remèsiman mwen ale bay Christopher Community a pou vizyon ak angajman li nan pwojè sa, bay Gouvènè Hochul, Komisè HCR la Visnauskas, NYSEDA, ak tout patnè ak pati ki konsène nou yo."

**Justin Rudgick, Prezidan ak Direktè Egzekitif Christopher Community, Inc., te deklare,** "Nou kontan anpil pou achèvmant pwojè konstriksyon 17 milyon dola a nan Camillus Heights. Inisyativ lojman nan pri abòdab sa nan vil Camillus, bay fanmi yo 60 bèl inite, nan 16 mezon vil de etaj. Nou apresye anpil patenarya ak Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York, Community Preservation Corporation ak chak moun ki te rann pwojè opòtinite lojman sa posib."

### **Akselere CNY Rising**

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418